

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa wujud tina sagala rupa kereteg haté anu ditepikeun maké médium basa, anu bisa ngahudang rasa. Ieu pamadegan téh saluyu jeung pamadegan Sumardjo katut Saini K.M. (1991:13), nu nyebutkeun '*Sastra: adalah ungkapan pribadi manusia yang berupa pengalaman, pemikiran, ide, semangat, dan keyakinan dalam bentuk gambaran konkrit yang membangkitkan pesona dengan alat bahasa*'.

Jadi, sastra mangrupa hasil cipta réka manusa, pikeun nepikeun sagala kahayang, anu nyampak dina gagasanana, sarta bisa ngahasilkeun hal-hal anu mangpaat pikeun kahirupan manusa.

Nilik kana tujuan diciptana hiji karya sastra, sacara gurat sastra miboga dua tujuan. Nu kahiji, sastra miboga tujuan *rékréatif* atawa alat pikeun ngahibur haté nu keur susah, sedih, jeung sajabana. Nu kadua, hal anu paling penting, sastra miboga tujuan *édukatif*, nyaéta alat pikeun ngahontal hiji atikan atawa pikeun ngadidik manusa. Dua tujuan éta bisa kagambar, boh sacara *implisit*, boh sacara *éksplisit* dina hiji karya sastra. Ajén-ajén anu geus nembrak dina hiji karya sastra geus teu kudu hésé deui pikeun nyurahanana, puguh jadi konsumsi masarakat sastra sacara umum, tapi pikeun ajén-ajén anu nyamuni tina segi struktur basa anu dipaké dina hiji karya sastra perlu pisan ditalungtik sacara daria tur *kompréhensif*.
Ku lantaran, sastra mangrupa hasil kréatifitas anu dinamis, bisa ngahasilkeun hiji

kasadaran manusa, hususna kasadaran pamaca enggoning ngaronjatkeun ajén kahirupan sarta nambahan hasanah kasastraan.

Lamun seug diteuleuman leuwih jero deui, sastra mibanda fungsi anu kalintang *urgén*, nya éta bisa ngaronjatkeun ajén budaya jeung peradaban hiji bangsa. Salah sahiji ciri bangsa anu mibanda budaya luhung nyaéta bangsa anu mibanda jeung ngamumulé kana karyana, boh karya dina wangun tulisan, boh dina wangun lisan. Hiji karya sastra bisa ngéhréhkeun rupa-rupa masalah manusa, hirup jeung kahirupanana, ngagambarkeun perjuangan, kapeurih, kanyaah, kangéwa nepi ka hal anu aya patalina jeung asmara manusa. Sagala rupa hal nu dipedar di luhur téh mangrupa *argumén* anu jadi dadasar pentingna karya sastra kaasup sastra Sunda minangka bagéan tina karya sastra di ieu dunya.

Dina gurat badagna mah wangun karya sastra Sunda bisa dibagi kana tilu golongan. Nya éta ieu di handap.

1. Prosa atawa wangun lancar.
2. Puisi atawa wangun ugeran.
3. Drama, (Iskandarwassid, 1992).

Dumasar kana wangunna, nu kaasup kana prosa di antarana novél, dongéng, carita pondok, jeung sajabana. Puisi, ngurung puisi anu ngawujud carita (naratif) jeung anu teu naratif, anu teu ngawujud carita: puisi mantra (jangjawokan, parancah, singlar jampé, asihan) kakawihan barudak, sisindiran (paparikan, wawangsalan, rarakitan), sa'ir guguritan (gending), sajak; puisi anu teu naratif; sabagian carita pantun jeung wawacan. Wangun dramatik ngurung rupa-rupa carita drama dina ungkara dialog wanda puisi (kawih, tembang) (1992: 135-136).

Gelarna puisi tacan bisa kapaluruh kalawan pasti, ti mimiti iraha urang Sunda wanoh kana wangun puisi ugeran. Ngan anu pasti nilik kana sumber-sumber nu sumebar, tétéla kolot baheula geus mikawanoh kana wangun puisi. Naon anu ku balaréa disebut dangding, paparikan, sésébréd, jeung sajenisna geus aya ti baheulana. Conto-conto di luhur mangrupa wangun puisi heubeul. Ieu hal luyu jeung pamadegan dina *Kamus Umum Basa Sunda* nu nétélakeun yén puisi téh mangrupa basa dangdingan, (tembang), kawih, sa'ir jeung réa-réa deui (LBSS: 266). Puisi baheula atawa sajak dina mangsa kabéhdieunakeun, mibanda dua struktur umum, nyaéta struktur luar jeung jero. Struktur luar dina sajak diwangun ku unsur pilihan kecap (diksi) kecap nyata, implengan, gaya basa jeung purwakanti. Salah sahiji unsur anu kalintang penting dina sajak nyaéta gaya basa, ku sabab unsur gaya basa ieu anu bakal ngabédakeun antara panyajak hiji jeung panyajak séjénna. Sok sanajan nyaritakeun téma anu sarua. Salian ti éta, gaya basa ogé anu matak nyieun éndahna hiji sajak.

Gaya basa babarengan jeung unsur-unsur séjénna bakal nambahkeun ajén kapuitisan atawa ajén éstétis hiji sajak. Gaya basa minangka salah sahiji unsur karya sastra, moal bisa leupas tina hakékat jeung konvénsi masarakat sastrana. Salian ti éta, gaya basa bakal méré hiji ciri mandiri anu ngabédakeun antara panyajak nu hiji jeung panyajak nu séjénna. Panyajak anu ngaranna Godi tangtuna waé bakal béda jeung panyajak Acép dina ngungkabkeun hiji hal, hiji masalah, hiji suasana sok sanajan maké téma jeung tujuan anu sarua. Gaya basa mangrupa éksprési diri panyajak, ciri has saurang panyajak.

Gaya basa ngajanggélék lantaran ayana pilihan kecap (diksi), ungkara, jeung simbol. Gaya basa dina sajak ngagunakeun pilihan kecap anu padet, *réfléktif*, jeung sipatna *konotatif* sarta kadang-kadang hal anu diungkap sipatna implisit. Dina hal ieu pisan pamaca kudu telik jeung kudu usaha satékah polah pikeun maham kana maksud anu ditepikeun ku saurang panyajak ngaliwatan gaya basana. Ku kituna, pamaca kudu mibanda pangaweruh ngeunaan gaya basa jeung hal anu aya patalina jeung basa sacara umum, supaya bisa leuwih paham kana amanat anu dipimaksud ku saurang panyajak.

Salian ti hal-hal anu geus ditembrakkeun di luhur, gaya basa ogé aya pangaruhna pikeun ngadeudeul kana opat kaparigelan basa nyaéta maca, nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita. Unsur gaya basa anu ditalungtik umumna ngeunaan diksi, ungkara, rupa-rupa babandingan, cara ngantebkeun harti, jeung cara nimbulkeun *éfék* rakitan basana sorangan.

Gaya basa sabagé salah sahiji unsur karya sastra sakali deui moal bisa leupas tina hakékat jeung konvénsi masarakatna. Ku sabab kitu, dina nginterprésiasikeunana moal bisa dileupaskeun tina tetekon anu geus disapukkan di dunya kasastraan. Ngaprésiasi sajak tangtu bakal béda jeung urang ngaprésiasi hiji novél atawa génré sastra nu lianna. Maca sajak lain ngan maca struktur basa anu "tersurat" wungkul, tapi ogé basa anu "tersirat". Hal éta téh kudu dilakukeun sacara daria. Dina neuleuman sajak, urang bakal nyoba ngagunakeun kamampuh mata batin pikeun ningali barang-barang, warna, simbol anu dilukiskeun dina hiji sajak. Kamampuh ceuli urang ogé diperedih pikeun ngarasakeun katengtreman, kaéndahan alam, hawa, jeung naon-naon anu dicipta ku panyajak dina sajakna.

Singgetna mah urang bakal diperedih pikeun ngagunakeun sagala kamampuh pikeun ngarasakan jeung neuleuman naon-naon anu dicipta dina sajak. Hal samodél kitu moal kahontal tanpa urang ngawasa kana basa dina hiji sajak atawa leuwih heureut deui élmu ngeunaan gaya basa dina sajak.

Sakumaha nu geus diungkab di luhur yén gelarna karya sastra, hususna sajak salian ti mibanda tujuan hiburan ogé sajak mibanda tujuan pikeun ngatik jeung ngadidik manusa, mére ajén bebeneran, ngaliwatan basana anu éndah, murwakanti, kiasan, silib, jeung sajabana.

Sajak bisa méré kani'matan anu "berhikmah" atawa bisa méré hikmah anu ngani'matkeun pikeun pamaca. Sakumaha nu diungkab ku Effendi (2002: 223), urang bakal nyangking hikmah, pelajaran tina ngaprésiasi hiji sajak. Sababua, dina sajak leubeut ku ajén-ajén kamanusaan, *ketuhanan*, bener-salah, hadé-goréng, jeung sajabana. Sajak anu ngungkab pangalaman nalar jeung wawasan sacara hadé bisa méré hikmah. Hikmah bisa numuwuhkeun sikep handap asor (teu adigung), wajar, kritis, takwa, jeung wijaksana. Saperti salah sahiji sajak Acép anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan.

*"anjeun nyuuuh kana sajadah: kembang iman mangkak
disébor cimata tobat nu diperes ti gunung batu karumasa".*

(kaca 14/ pada ka2)

Kumpulan sajak Acép téh henteu kosong tina ma'na. Tapi leubeut ku ajén jeung gagasan saperti conto sajak di luhur. Gaya basa téh teu suci ku ma'na, tapi leubeut ku ma'na. Ma'na anu kauger ku ideologi panyajak. Ku kituna, ajén atawa gagasan anu nyumput dina gaya basa anu dipaké ku Acép dina kumpulan sajak

Dayeuh Matapoé anu saterusna disingget jadi *DM* ngirut panyusun pikeun nalungtik ma'na anu nyumput dina kaéndahan gaya basana. Métafor anu hirup jeung basa anu éndah tur murwaknti. Hal éta anu jadi titik pamiangan ieu panalungtikan.

Supaya leuwih mokus kana masalah anu ditaliti, ieu panalungtikan baris diwatesanan jeung dirumuskeun masalahna.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Basa dina kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor téh loba ngagunakeun gaya basa anu éndah, tur murwakanti, dina nembrakkeun pangalaman jiwa, pangalaman batin, ogé pangalaman anu sifatna imajinatif. Eusi anu munel ngagambarkeun réalitas sosial, nepi ka nyaritakeun perkara ajén-ajén ka-Islaman anu karandapan salila manéhna hirup di luar nagri. Gaya basa anu éndah tapi basajan, éta pisan anu jadi daya irut buku kumpulan sajakna téh.

Dina gaya basa anu basajan nyamuni gagasan-gagasan sosial, cinta, agama, jeung gagasan lianna. Ajén-ajén ka-Islaman anu karandapan ditembrakkeun ku panyajak ngaliwatan gaya basana. Sindiran-sindiran pikeun manusa, nyaritakeun pangalaman batin, samodél conto salah sahiji sajakna "Ngaji"

*tikoro saat jeung béakeun kecap//
ngaji diri teu hatam-hatami*

Sajak di luhur nyaritakeun hiji situasi manusa anu keur sabil, bimbang, atawa bisa waé ieu mangrupa sindiran keur diri sorangan. Hiji "pengakuan" yén

diri téh kacida bodona, /ngaji diri teu hatam-hatam/, hartina muhasabah diri, maca kasalahan diri moal aya kecap tamat. Tapi sindiran éta asa teu karasa, kusabab dibungkus ku mélapor anu éndah tur ngasor. Dina gaya basa anu éndah nyamuni ajén-ajén ka-Islaman ngeunaan katawaduaan, kapasrahan hiji manusa, jeung sipat manusa dina enggoning manggihan jati dirina. Implengan panyajak kana hiji situasi jeung suasana kagambar dina kapengkuhan moral jeung kawijaksanaan.

Ngaliwatan basa anu éndah, panyajak geus nembrakkeun sipat manusa anu salawasna hayang ngarasa deukeut jeung Dzat anu geus nyiptakeunana. Rasa rumasa anu diwujudkeun ngaliwatan tobat jeung "pengakuan" dosa mahluk-mahluk-Na. Salian ti téma-téma ka-Islaman, panyajak ogé ngusung téma-téma cinta, boh rasa cinta anu karandapan ku dirina, boh rasa cinta anu dialaman ku jalma-jalma anu saling mikacinta. Boh rasa cinta mahluk ka papadana, boh rasa cinta mahluk ka Sang holik nyatana Allah SWT.

Ngaliwatan gaya basa anu nu ngalagena, Acép némbongkeun téma-téma sosial. Nyaritakeun pangalaman salila manéhna campur gaul dina kahirupana masarakat, nepi ka nyaritakeun kahirupan salila manéhna nyuprih pangaweruh di luar nagri. Nyaritakeun suasana di tempat pangumbaraan, paripolah jeung kabiasaan urang luar nagri, hal ieu salah sahijina bisa katangén dina judul-judul sajakna "Lagu Mojang Turki", "Perugia", "Keur Giorgi Dé Chircio", atawa judul sajak "Lalampahan Péndék jeung Italo Svevo", jeung judul-judul sajak séjénna.

Lebah dieu pisan panyajak geus nyieun hiji kréativitas anu béda jeung payajak lain di dunya sastra husuna dina wanda sajak. Bakal katitén ku...aha alusna hiji sajak lamun nyawang kana basa anu digunakeunana sabab, sakali deui,

sajak anu éndah ngirut karep pamaca pikeun neuleuman jeung mikir leuwih jero ngeunaan éta sajak. Dumasar kana sababaraha hal di luhur, panyusun baris nalungtik buku kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor.

Dina ieu panalungtikan téh, kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor bakal diguar tina segi gaya basana, ajén-ajén ka-Islaman, jeung téma-téma anu dipaké dina kumpulan sajak *DM*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan leuwih jéntré, watesan masalah baris dirumuskeun dina wangun patalékan-patelakan ieu di handap. Aya tilu masalah anu baris diguar nya éta:

1. gaya basa naon waé anu kapanggih dina kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor?;
2. naon waé ajén atawa gagasan ka-Islaman anu nyampak dina gaya basa anu geus kapanggih dina kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor?; jeung
3. naon waé téma dina judul-judul kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor?.

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan:

1. ngadéskripsikeun jenis gaya basa anu aya dina kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor;
2. maluruh ajén-ajén ka-Islaman anu nyampak dina sajak *DM* utamana dina gaya basa anu dipaké dina éta sajak; jeung
3. maluruh téma dina kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan, nya éta di handap ieu.

1. Sacara téoritis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh kasastraan, hususna dina widang sajak.
2. Pikeun ngeuyeuban deui bahan panalungtikan ngeunaan sajak-sajak, utamana ngeunaan gaya basana.
3. Pikeun pangaweruh agama, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung ka-Islaman dina dunya sastra.
4. Pikeun mahasiswa, bisa jadi bahan atawa référénsi pikeun mata kuliah anu aya hubunganana jeung pangaweruh kasusastraan.

1.4 Anggapan Dasar

Arikunto (1996:66) nétélakeun, anggapan dasar nya éta dasar téori pikeun ngalaporkeun hasil panalungtikan. Dumasar kana pamadegan di luhur, anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

1. sajak *DM* mangrupa salah sahiji wangun karya sastra Sunda hasil cipta panyajak ngaliwatan éksprési jiwa nu ngagambarkeun pangalaman, perasaan nu leubeut ku metafor-metafor éndah, leuwih husus deui gaya basana;
2. gaya basa anu aya dina kumpulan sajak *DM* leubeut ku gagasan-gagasan atawa téma ka-Islaman;
3. kumpulan sajak *DM* karangan Acép Zamzam Noor bisa dikaji tina jihad gaya basana, boh sacara kualitatif boh sacara kuantitatif;
4. pamahaman gaya basa nyoko kana pamahaman jeung penghayatan kana karya sastra.

1.5 Tatapakan Téori

Salawasna anu jadi tatapakan téori dina ieu panalungtikan nya éta nyoko kana téori-téori sastra ngeunaan sajak (gaya basana), jeung interprétasi kana aspék anu nyamuni dina gaya basana.

Téori ngeunaan métodologi dipaké pikeun nétélakeun métode jeung téhnik sarta larapanana dina ieu panalungtikan. Buku-buku anu dipaké sumber dina ieu panalungtikan nya éta: *Pokoknya Kualitatif: Dasar-dasar Merancang dan Melakukan Penelitian kualitatif* (Alwasilah, 2003), *Cara Merencanakan, Ara*

Menulis, dan Cara Menilai Paper, Skripsi, Thesis, Disertasi (Surakhmad, 1988), *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek* (Arikunto, 1992), *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa* (Suyatna, 2000).

Téori-téori ngeunaan sajak dipaké pikeun ngajelaskeun perkara sajak katut téorina. Hal ieu museur kana gaya basa jeung ajén anu dikandungna. Sumber nu dipakéna nya éta: *Diksi dan Gaya Bahasa* (Keraf, 2001), *Bimbingan Apresiasi Puisi* (Effendi, 2004), *Wirahma Sajak* (Mustappa, 1985) *Ulikan Sastra* (Faturahman, 1983), *Apresiasi Kesusastraan* (Sumardjo & Saini K.M. 1986), *Sastra dan Ilmu Sastra* (Teeuw, 2003), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid, 2003), *Panyungsi Sastra* (Rusyana, 1984), *Iktisar Kesusastraan Indonesia* (Nursito, 2000), *Prinsip-prinsip Kritik Sastra* (Pradopo, 1994), *Prinsip-prinsip Dasar Sastra* (Henry G. Tarigan, 1984), *Telaah Kritik Sastra Indonesia* (Yudiono, 1989), *Pengantar Apresiasi Karya Sastra* (Aminudin, 2002) *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya* (Pradopo, 1995).

Aya ogé téori ka-Islaman anu digunakeun pikeun ngaguar ajén-ajén ka-Islaman anu nyampak dina gaya basa, nya éta: *Mensucikan jiwa* (Al-Ghazali, 1998), *Dasar-dasar Agama Islam* (Darajat Dkk, 1984), *Al-qur'an dan Terjemah* (Deppag, 1994), *Dienul Islam* (Razak, 1998), *Ilmu, Filsafat dan Agama* (Saifuddin, 1981), *Islam Aktual* (Jalaludin Rakhmat, 1991), jeung *Nashaiuhul Ibad* (Al-Bantani, 2005).

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan teu salah tafsir ngeunaan istilah-istilah dina ieu panalungtikan, ditétélakeun istilah-istilah hususna dina sajak. Istilah-istilah anu dimaksud nya éta: *Acép Zamzam Noor*, *ajén*, *gaya basa*, *Dayeuh Matpoé*, *sajak*, jeung *kumpulan sajak*.

1) **Acép Zamzam Noor** nya éta panyajak anu sajak-sajakna dibukukeun jadi kumpulan sajak *DM*. Lahir 28 Pebruari 1960 di Kota Tasikmalaya. Kaasup panyajak kahot dina enggoning kurung-karang, boh dina médium basa Sunda boh dina médium basa Indonésia. Sabada namatkeun atikan di SMA anu pernahna di pondok pasantrén Asyafi'iyah Jakarta, Acép neruskeun atikanana ka paguron luhur di ITB Jurusan Seni Rupa dan Desain (1980-1987). Ahir taun 1991 nepi ka pertengahan taun 1993 Acép meunang béasiswa diajar di Universitas Italiana Perstranieri, Perugia, Italia. Kasang tukang ieu mangaruhan kana karyana, nepi ka sajak-sajakna sok nyabit kahirupan manehna salila nyuprih élmu di luar nagri. Ti leutik kénéh Acép geus diasah batimna ku élmu agama, puguh waé da Acép ti leutik kénéh geus nyuprih élmu ti kolotna di Pasantrén Cipasung.

Salian ti anak Kyai, Acép ogé getol masantrén deuih. Hal ieu ogé milu mangaruhan dina hal tulas-tulis, hususna dina nulis sajak. Salah sahiji conto buku kumpulan sajakna nya éta nu *DM*, leubeut ku warna jeung téma-téma ka-Islaman.

Salian ti nulis sajak dina basa Sunda, Acép oge sok nulis sajak dina basa Indonésia. Contona waé kumpulan sajak-sajak "*Tumparlah Mukaku*" (1992), *Aku Kini Do'a* (1984), *Kasidah Sunyi* (1989). Sapuluh sajakna geus dimuat dina antologi puisi modérn Tonggak IV (1987). Panyajak kacida produktif jeung

moyan di jamanna, dina hal tulas-tulis, matak pantes lamun Acép dina taun 1991 dileler hadiah Sastra LBSS dina widang sajak salaku pinilih I, sedeng taun 1993 dileler hadiah nu sarua salaku pinilih II. Salian ti nyajak, Acép ogé mindeng ngalukis sarta hasil lukisanana dipamérkeun di sababaraha tempat paméran.

2) **Ajén** nya éta harga atawa pangaji dina hiji hal. Ajén anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta ajén anu aya dina sajak-sajak buku kumpulan sajak *DM*.

3) **Dayeuh Matapoé (DM)** nya éta judul buku kumpulan sajak karangan Acép Zamzam Noor anu munggaran, diterbitkeun ku CV Geger Sunten Bandung, dina bulan Désémber taun 1993, mangrupa citakan kahiji. Warna coverna bulao, sarta gambar ilustrasi jilid aya dua gambar sirah anu hasil seni ukir. Ieu gambar jilid téh beunang panyajakna sorangan.

4) **Gaya basa** anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta cara Acép ngungkab pikiran, kahayang, atawa gagasan anu sacara has dina buku kumpulan sajak *DM* anu matak ngabédakeun antara panyajak Acép jeung panyajak nu lianna.

5) **Sajak** nya éta salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu pati ka uger ku patokan wangunna. Ku lantaran kitu, dina mangsa awal gelarna sok disebut puisi bébas. Kungsi disebut ogé sanjak. Disebut bébas téh saenyana mah rélatif, nya éta lamun dibandingkeun jeung puisi-puisi saheulaeuanana, upama dibandingkeun jeung dangding, dangding mah kabeungkeut pisan ku patokan-patokan nya éta guru lagu jeung guru wilangan. Saenyana mah sajak téh mageuhan rupa-rupa konsépsi puisi (Iskandarwassid, 2003). Sajak anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor.

6) **Kumpulan sajak.** Anu dimaksud kumpulan sajak dina ieu panalungtikan nya éta judul-judul sajak Acép Zamzam Noor anu jumlahna aya 46 judul sajak anu dingaranan *DM*.

